

**PANGARUH GAYA DIAJAR KANA KAGIATAN DIAJAR
SISWA**

(Survei Mata Pelajaran Ékonomi Kelas XII IPS SMA

Pasundan 8 Bandung Th.2022/2023)

Ku,
Khotimmatul Anwariyah
185020027

RINGKESAN

Gaya diajar nyaéta kabiasaan anu ditingalikeun ku individu nalika diajar. Kagiatan diajar siswa cenderung pasif nalika diajar, sabab salah sahiji alesanana nyaéta guru ngalarapkeun pendekatan diajar anu henteu luyu jeung gaya diajar siswa. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngébréhkeun: (i) gaya diajar siswa kelas XII IPS SMA Pasundan 8 Bandung; (ii) kagiatan diajar siswa kelas XII IPS SMA Pasundan 8 Bandung; (iii) pangaruh gaya diajar kana kagiatan diajar siswa kelas XII IPS SMA Pasundan 8 Bandung. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif, téhnik analisis data régrési liniér basajan. Prosedur anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta dokuméntasi, angkét, jeung wawancara terstruktur. Populasi jeung sampel dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas XII IPS SMA Pasundan 8 Bandung anu jumlahna 85 siswa. Hasil tina ieu panalungtikan nuduhkeun yén tingkat gaya diajar siswa kelas XII IPS SMA Pasundan 8 Bandung kagolong alus nyaeta 3,71 jeung tingkat aktivitas diajar siswa kelas XII IPS SMA Pasundan 8 Bandung kagolong alus éta 3,51. Hasil panalungtikan ogé némbongkeun yén aya pangaruh gaya diajar kana kagiatan diajar siswa kelas XII IPS SMA Pasundan 8 Bandung. Hasil kaluaran *koefisien korelasi* (*r*) nuduhkeun tingkat hubungan anu cukup 0,467 jeung tingkat *koefisien determinasi* (*R²*) dina kategori handap nyaeta 0,218. Aya pangaruh gaya diajar kana kagiatan diajar siswa ku 21,8% jeung 78,2% dipangaruhan ku faktor séjén. Sabagé ahir panalungtikan, nu nulis méré saran: (i) pikeun sakola, ngalaksanakeun téps psikologi diajar saméméh siswa nyokot jurusan; (ii) pikeun guru, pikeun ngaoptimalkeun gaya diajar siswa jeung nyieun kombinasi nalika ngalarapkeun métode pangajaran jeung sabada ngagunakeun média pangrojong, (iii) pikeun siswa, dipiharep bisa mikawanoh gaya diajarna sorangan sangkan bisa mantuan maham informasi anyar; (iv) pikeun panalungtik kahareup, pikeun leuwih mekarkeun panalungtikan ku cara nambahann faktor séjén.

Kecap konci: Siswa, Gaya Diajar, Kagiatan Diajar